

Byenvini nan Frost Science

Mize Syans Phillip ak Patricia Frost (Frost Science) se yon mize syantifik prensipal ki dedye pou pataje pouvwa syans, pwovoke admirasyon ak investigasyon epi alimante inovasyon pou lavni. Frost Science ki sitiye nan anba lavil Miami, divize an kat bilding: Planetaryòm Frost, Akwaryòm ak Zèl Nò ak Lwès. Isit la, envite yo ka aprann sou lavi sou latè, sistèm solè a ak linivè nou konnen, fizik vòl, byoloji kò ak lespri moun, ak lòt ankò nan yon kad eksperimental.

Planetaryòm Frost

Planetaryòm Frost ki gen 250 plas la itilize pwojeksyon 8K ak 16 milyon koulè, son miltikanal ak yon gwo ekran dom pou mennen w nan odise vizyèl enpresyonan nan lespas. Admisyon nan mize a gen ladan chwa yon espektak planetaryòm.

Aparèy èd oditif yo disponib pou tout espektak yo nan Planetaryòm Frost la. Antre planetaryòm Frost la sitiye nan Nivo 1 an. Apre espektak la, envite yo ap kite teyat la nan Nivo 2 a.

Akwaryòm

Soti nan reken Gulf Stream yo rive nan ti bèt yo ki rele zouksantèl k ap viv nan koray yo, akwaryòm nan se yon vwayaj atravè bèl mond akwatik Sid Florid la. Bilding lan gen ladan twa nivo, kòmanse nan Vista (Panorama) Nivo 4 la kote w ap eksplore sifas dinamik abita yo tankou Gulf Stream, Forè Mangwòn ak Everglades. Desann nan nivo enferyè Plonje ak Pwofon yo pou panorama anba dlo fòmidad ak estasyon aprantisaj entèaktif yo. Atravè rankont fas a fas yo avèk syantifik k ap travay yo epi avèk bèt vivan yo, w ap konekte sistèm ekolojik rich sa yo ak syans ki dèyè yo a. Fen vwayaj ou nan akwaryòm nan atenn yon somè nan lantiy okilis 31 pye a ki fòme fon ekspozisyon Gulf Stream lan, kote rè ak reken yo ou te wè nan nivo Vista a ap navige pa anlè tèt ou.

Akomodasyon

Boutik Syans lan

W ap chèche kado oswa souvni pafè a? Boutik Syans lan ofri yon bann kalite zouti syans ak jwè, mayo, liv ak kado inik ki gen rapò ak ekspozisyon an. Acha w la sipòte misyon mize a pou enspire moun tout laj ak tout orijin vin jwi syans ak teknoloji ak pou pi byen konprann tèt yo ak mond lan.

Boutik Syans lan sitiye nan Nivo 1 an, bò kote Sant Tikè a. Li pa nesèsè pou w antre nan mize a pou w ka vizite Boutik Syans lan. Manm mize a resevwa 10% rabè sou tout acha yo.

Food @ Science

Food@Science se yon espas konfòtab ak akeyan ki ogmante eksperyans vizitè a. Rejwenn nou pou yon tas kafe ak yon kolasyon anvan eksplorasyon an, pou manje midi oswa pou yon remontan nan fen apremidi pou pwolonje sejou w! Café a pwopoze chèz alenteryè oswa aleksteryè ki kouvri pou w pwofite repa sezonye anplennè, sa gen ladan kafe prefere Starbucks, patisri atizanal, salad avèk pwodui agrikòl ak bòl, sandwich ak anmbègè, pizza, manje ki bon pou timoun, ti goute ak bagay pou pote ale.

Food@Science sitiye nan Nivo 1 Zèl Lwès la. Li pa nesèsè pou w antre nan mize a pou w ka dine nan Food@Science. Manm mize a resevwa 10% rabè sou tout acha yo.

Konnen ke yo pa otorize okenn manje oswa bwason anndan mize a. Nou apresye èd ou pou prèzeve ekspozisyon nou yo ak mize a.

Twalèt

Twalèt ki aksesib pou chèz woulant yo disponib nan Nivo 1 jiska 5 jis anfas asansè prensipal yo nan lakou anndan an, epitou toupre antre nan Galri Ekspozisyon Espesyal Fanmi Hsiao ak nan café Food@Science la. Twalèt pou fanmi ki aksesib pou chèz woulant yo ki gen ladan yo douch ak pòs pou chanje pou tibebe ak adilt yo sitiye toupre twalèt prensipal yo nan chak etaj.

Ekspozisyon Pèmanan Syans

Tach Solèy Nivo 6

Solèy se yon sous enèji pisan—epi limyè solèy la se resous renouvlab ki pi abondan ki disponib sou tè a. Teknoloji modèn eksplwate enèji sa a pou plizyè kalite itilizasyon, ki gen ladan pwodiksyon elektrisite. Ekspozisyon pèmanan a *Tach Solèy* la sou teras solè Florida Power & Light Company, ki sitiye sou twati nivo 6 mize a, eksplore pisans solèy la kòm yon sous enèji renouvlab atravè plizyè aktivite entèaktif avèk enèji solè.

Rivyè Zèb Nivo 4

Plonje tèt ou nan koulè yo, son yo ak bèt sovaj nan Everglades Florid yo nan ekspozisyon alenteryè ak aleksteryè sa a. *Rivyè Zèb* la te fèt pou pi jèn eksploratè nou yo (3 a 6 an) epi gen ladan yon sal eksplore medya miks, nap dlo, ak pwezi enspire Everglades yo ki ekri an patenarya avèk festival pwezi O, Miami. Ekspozisyon sa a nan Nivo 4 Zèl Nò a epi se yon gwo pwen depa pou eksplore rès akwaryòm nan.

Plim rive nan Zetwal yo Nivo 3

Swiv gwo istwa vòl, depi nan dinozò a plim yo rive nan eksplwa fòmidad kreyativite imen ak avanti vwayaj nan lespas. *Plim rive nan Zetwal* yo mennen w nan istwa enkwayab sou fason ansyen evolisyon te bay nesans ak vòl bèt yo, jan moun imajine ak konsevwa fason yo dekole nan lèzè, ak kijan lespas se pwochen gran fwontyè nou.

Plim rive nan Zetwal yo nan Nivo 3 Zèl Nò a.

MeLab Nivo 2 ak 3

Defye sèvo w, sispann yon viris, planifye yon repa oswa jis detann ou – tout sa fè pati eksperyans *MeLab* ou. Chak jou nou tout fè chwa ki afekte sante ak byennèt nou. Nan lavi reyèl, chak grenn chwa konte, men nan *MeLab*, ki sitiye nan Galri Baptist Health nan Nivo 2 ak Nivo 3 nan zèl lwès mize a, ou tounen eksperyans lan. W ap egzekite similasyon, rezoud je kastèt ak teste sans, reflèks ak repons ou a estrès pou dekouvri sa ki fonksyone pi byen pou ou ak kò ou.

Pouvwa Lasyans Nivo 1

Eksplore kijan lasyans pouse limit posibilite yo amezi w ap aprann sou rechèch ak dekouvèt revolisyonè syantifik yo, sa gen ladan sila yo ki soti nan Inivèsite Miami. Nan *Pouvwa Lasyans*, w ap dekouvri nouvo limit syantifik yo, kote bakteri transfòmè wòch ki soti sou mas pou tounen kay enprime an 3D epi enfrastrikti marin inovatè ankouraje rejenerasyon koray yo. Rankontre syantifik revolisyonè tankou Dmitri Mendeleev, envantè tablo peryodik la ak Doktè Sylvia Earle, ki te eksplore pwofondè lanmè. Ekspozisyon an menm gen ladan yon kopi selèb kostim JIM sou plonje nan oseyan Doktè Earle la! *Pouvwa Lasyans* sitiye nan Nivo 1 bilding akwaryòm lan.

Ekspozisyon Espesyal

Momi nan Mond lan

Momi nan Mond lan, pi gwo ekspozisyon momi ak objè istorik ke yo te janm rive asanble, prezante yon koleksyon san parèy sou momi yo prezève natirèlman ak entansyonèlman. Koleksyon konvenkan sa a, ke yo prezante avèk reverans ak diyite, gen ladan ansyen momi yo ak objè istorik enpòtan yo ki soti toupatou nan mond lan, ki gen ladan ansyen Ejipt. Atravè lasyans modèn, nan angaje entèaktif ak ekspozisyon milti-medya, ekspozisyon an revele ki jan etid syantifik momi yo ouvri yon fenèt sou lavi ansyen pèp yo nan chak rejyon nan mond lan.

Momi nan Mond lan pral ekspoze lendi 4 septanm, nan Galri Ekspozisyon Espesyal Fanmi Hsiao nan Nivo 1 Zèl Nò a. Se World Heritage Exhibitions ki te kreye ekspozisyon sa a ak fè vizit yo.

Mamout: Jeyan Epòk Glas

Tounen nan tan pou eksplore divèsite, adaptasyon ak ekstenksyon bèt jeyan yo ki te pakouri Amerik Dinò 10,000 ane de sa. Nan ekspozisyon espesyal sa a, w ap dekouvri lavi nan somè dènye peryòd glas la atravè je karismatik abita gwo bèt oswa bèt jeyan ki te domine peyizaj la. Nan teyat imèsif nou an, w ap tande chèche prensipal yo pale sou travay yo pou pote lavi nan pase. Nou ka jwenn *mamout* yo nan Nivo 4 Zèl Lwès la epi pral vizib jiska otòn 2023.